

Notice to Public (French Creole)

Anons Pou Piblik La:

Northwest Focal Point Senior Center District opere pwogram transpòtasyon ak sèvis li yo san gade sou ras, koulè, ak peyi orijin moun konfòmman ak Tit VI nan Lwa Dwa Sil la. Nenpòt moun ki kwè yo te fè yon pratik diskriminasyon ilegal kont li sou Tiv VI kapab depoze yon plent ak Northwest Focal Point Senior Center District.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram dwa sivil Northwest Focal Point Senior Center District la, ak pwosedi pou depoze yon plent, kontakte Northwest Focal Point Senior Center District. Title VI Contact nan Northwest Focal Point Senior Center District. Title VI 954-973-0300 imèl Northwest Focal Point Senior Center District Title VI Contact SeniorCenter@margatefl.com oswa vizite biwo administratif nou nan 6009 NW 10 Street, Margate, FL 33063 or www.margatefl.com.

Yon moun k ap depoze yon plent kapab voye li dirèkteman bay Depatman Edikasyon Florida. Pou fè sa depoze plent la ak Kòdonatris Distri 4 Tit VI Adrienne Brown nan adrienne.brown@dot.state.fl.us

Yon moun k ap depoze yon plent kapab fè li dirèkteman ak Office of Civil Rights, Attention: Complaint Team, East Building, 5th Floor-TCR, 1200 New Jersey Ave., SE, Washington, DC 20590.

Si ou bezwen enfòmasyon nan yon lòt lang, kontakte Terry Lieberman, Operatè Operasyon Piblik
954-973-0300.

Complaint Procedures (French Creole)

Fason pou nou pote plent

Nenpòt moun ki santi l te diskrimine akòz ras li, koulè l oubyen nasyonalite l bò kote **Northwest Focal Point Senior Center District** ta dwe pote plent sou baz atik VI konpayi a lè l konplete epi remèt fòmilè VI la bay konpayi a. Yo ka pote plent tou nan telefòn nimewo a se **Northwest Focal Point Senior Center District**, ekstansyon 107 oubyen pa mwayen entènèt nan www.margatefl.com. Pou **Northwest Focal Point Senior Center District** mennen envestigasyon sou yon plent yo te resevwa, li pa dwe depase 180 jou depi ensidan an te pase. Se sèlman plent konplè yo **Northwest Focal Point Senior Center District** pral envestige. Pou plent la ka konplè, moun k ap fè l la ta dwe omwens mete non l, telefòn li, dat ensidan te pase, epi bay detay sou sa k te pase a.

Yon fwa nou fin resevwa plent la, **Northwest Focal Point Senior Center District** pral revize ka a pou yo konnen si biwo yo a gen jiridiksyon sou li. Moun ki te depoze plent la pral resevwa yon lèt pou fè l konnen si biwo nou an pral envestige ka a.

Northwest Focal Point Senior Center District gen katrevendis (90) jou pou yo envestige plent la. Si yo bezwen plis enfòmasyon pou yo rezoud ka a, Northwest Focal Point Senior Center District ka kontakte moun ki te depoze plent la. Moun ki depoze plent la gen dis jou (10) travay pou l voye enfòmasyon yo mande l la bay moun k ap envestige ka a. Si moun ki depoze plent la pa kontakte envestigatè a oubyen l pa resevwa enfòmasyon l bezwen an nan dis jou (10) travay, **Northwest Focal Point Senior Center District** ka fèmen ka a administrativman. Yo ka fèmen ka a administrativman tou si moun ki depoze plent la pa de-sisde pouswiv ka a.

Aprè envestigatè a fin revize plent la, l ap voye youn nan de lèt sa yo bay moun ki te depoze plent la: yon lèt pou fèmen ka a oubyen yon lèt ki gen rezilta ka a ladan l (LOF). Lèt fèmti a gen ladan l rezime tout akizasyon yo epi l fè konnen pa gen vyolasyon atik VI la donk ka a fèmen. Lèt (rezilta a) LOF la fè yon rezime tout akizasyon ak entèvyou yo te fè sou ensidan ki te pase a, epi l eksplike kèlkeswa aksyon disiplinè, fòmasyon siplemantè manm pèsonèl la oubyen nenpòt lòt aksyon yo ta deside fè. si moun ki te pote plent la vle fè yon apèl kont desizyon sa, li gen sèt (7) jou pou l fè sa depi lè l te resevwa lèt LOF la.

Fason pou yo fè l ak fòmilè pou yo pote plent yo pral disponib pou piblik la sou sit entènèt **Northwest Focal Point Senior Center District** la nan www.Margatefl.com. Si yo bezwen enfòmasyon nan yon lòt lang, kontakte **Project Director**, Direktris operasyon yo nan 954-973-0300

Complaint Form (French Creole)

Fòm Plent Tit VI

Seksyon I:				
Non:				
Adrès:				
Telefòn (Kay):			Telefòn (Travay)	
Adrès Imèl:				
Èske ou bezwen fòma aksesib?	Gwo Lèt		Kasèt	
	TDD		Lèt	
Seksyon II:				
Èske w ap depoze plent sa a pou tèt ou?			Wi*	Non
*Si ou te reponn "wi" pou kesyon sa a, ale sou seksyon III.				
Si se non, tanpri bay non moun w ap pote plent pou li ak sa li ye pou ou:				
Tanpri eksplike poukisa w ap depoze plent la pou yon lòt moun:				
Tanpri konfime si ou te gen pèmasyon pou ki gen pwoblèm w ap depoze plent pou li a.			Wi	Non
Seksyon III:				
Mwen kwè diskriminasyon mwen te viv la te fè pou (chwazi tout rezon yo):				
☐ Ras ☐ Koulè ☐ Orijin Nasyonal ☐ Laj				
☐ Andikap ☐ Sitiyasyon Famityal ou Relijye ☐ Lòt Eksplike _____				
Dat Diskriminasyon w ap akize a te fèt (Mwa, Jou, Ane): _____				
Eksplike byen klè mezi li posib kisa ki te pase ak poukisa pou panse yo te fè diskriminasyon kont ou. Dekri tout moun ki te enplike yo. Mete non ak enfòmasyon pou kontakte moun ki te fè diskriminasyon kont ou a (si ou konnen) ansanm ak non ak enfòmasyon pou kontakte nenpòt temwen. Si ou bezwen plis plas, itilize do fòm sa a.				

Seksyon IV				
Eksè ou depoze yon plent Tit VI ak ajans sa a deja?			Wi	Non

Seksyon V

Èske ou depoze plent sa a ak okenn lòt ajans Federal, Eta, oswa lokal, oswa nenpòt lòt tribinal Federal oswa Eta?

☐ Wi☐ Non

Complaint Form (French Creole)

Si se wi, chwazi tout sa ou te kontakte:	
☐ Ajans Federal:	
☐ Tribinal Federal	☐ Ajans Eta
☐ Tribinal Eta	☐ Ajans Lokal
Tanpri bay enfòmasyon sou yon kontak nan ajans/tribinal ou te depoze plent la.	
Non:	
Tit:	
Ajans:	
Adrès:	
Telefòn:	
Seksyon VI	
Non ajans w ap pote plent kont li a:	
Moun pou kontakte:	
Tit:	
Nimewo telefòn:	

Ou kapab kote nenpòt dokiman ekri osa lòt enfòmasyon pou panse enpòtan pou plent ou a.

Ou oblije mete siyati ak dat pi ba a.

Siyati

Dat

Tanpri remèt fò sa a an pèsòn nan adrès ki pi ba a, oswa poste li bay:

Northwest Focal Point Senior Center District

Attn: Project Director

6009 NW 10 Street

Margate, FL 33063

954-973-0300